



Pou Piblikasyon Imedya: 04/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DE PATISIPASYON REKÒ FÒMIDAB NAN REZILTA FINAL GRAN FWA ETA NEW YORK YO

*Plis pase 124,000 Moun Te Patisipe nan Fwa a Jodi a, ki Akimile De Rekò Patisipasyon*

### **1.16 Milyon Moun Patisipe nan Fwa Modènize a, ki Pase a Senk Rekò**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Gran Fwa Eta New York la (Great New York State Fair) konplete yon ane reyisi lè I bat de rekò nan dènye jou li a. Kantite atisipasyon nan jounen Fèt Travay (Labor Day) 124,819 moun nan, pa sèlman bat rekò pou plis moun ki vini nan Fwa a nan yon sèl jou, men li fè Fwa a pase nan yon nivo patisipasyon rekò 1,161,912 moun ki te vini nan Fwa a pou 13 jou li yo, ki fini aswè a. Pandan ane sa a, Fwa a bat kat nivo patisipasyon rekò pa jou, ak nivo odyans rekò nan yon sèl jou pandan de fwa, ansanm ak patisipasyon rekò pa ane. Fwa eta a se katriyèm fwa ki pi gwo nan peyi a.

“Fwa a se yon gran tradisyon New York k ap benefisyé de yon renesans gras ak envestisman nan teren yo ak pwogramasyon solid li yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Envestisman sa yo rekonpanse nan kantite moun ki ogmante, k ap kontinye ede ekonomi New York Santral la devlope an retou.”

Patisipasyon 2017 la depase ak 44,282 total 1,117,630 moun 2016 la, lè Fwa a te dire 12 jou a. Fwa a bat rekò pou vant nan lansman de atik alimantè li yo - pòmdetè ki kwit nan fou ak lèt. Pandan 12yèm jou a nan dimanch, Gwo Stand Pòmdetè ki Kwit nan Fou a (Great Baked Potato Booth) te vann 59,946 pòmdetè blan ak sikre ak tout akonpayman yo, ki depase yon rekò de zan. Epi bar lèt la (Milk Bar), ke Fwa a te òganize dirèkteman pou premye fwa, te vann plis pase 420,000 tas lèt blan ak lèt chokal vè midi jodi a, yon rekò nan kantite pou ane a.

Avèk espektak final aswè a Kool & The Gang, konsè Chevy Court Fwar la te atire plis pase yon ka milyon moun pou pi gwo lis espektak pou toune nasyonal li janm fè, ki demontre pa foul an mas nan triyo hip hop Migos, gwoup soul Rock Hall of Fame, Earth Wind & Fire, piyonye pop The Beach Boys ak sipèsta rock nan sid Lynyrd Skynyrd. Fwa a ak vandè li yo te prezante plis pase 550 prezantasyon mizikal ane sa, yon kantite rekò.

Sa se dezyèm Fwa depi mizanplas plan 50 milyon dola Gouvènè Cuomo a pou revitalize fwa eta ki pe ansyen nan peyi a. Fairgrounds yo ki nan vil Geddes resevwa yon bél Baryè Prensipal, yon pak RV ki sipòte Fwa a ak etablisman biznis lokasyon pandan tout ane yo, ak gwo espas ki pèmèt pwogramasyon elaji Fwa a ak pi gwo evènman sou teren yo pandan tout ane a. Dezyèm faz renovasyon 70 milyon dola a, k ap kòmanse pi ta nan ane sa, enplike konstriksyon yon sant ekspozisyon 133,000 pye kare ki ka ebèje anpil kalite gwo evènman. Se ap pi gwo espas evènman ant Boston ak Cleveland. Paking Fwa a ap resevwa Mizajou ki enpòtan tou.

**Egzekitif Konte Onondaga Joanie Mahoney te di**, “Fwa Eta a se youn nan premye destinasyon touristik nan reyon New York Santral la, e gras ak vizyon Gouvènè Cuomo, nou plis rezon toujou pou nou fyè. Envestisman Eta a genyen enpak ekstraòdinè nan siksè Fwa a e l ap kontinye atire vizitè nan fairgrounds yo pandan tout ane a, k ap ede ranfòse ekonomi lokal la”.

**Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare**, “Siksè Fwa a ane sa se prèv ke plan transfòrmasyon Gouvènè a ap fonksyone. Amelyorasyon yo te kreye yon eksperyans pi amizan pou visitè yo e li bat plizyè rekò kòm rezulta. Nou enpasyan pou konstwi dinamik sa pandan n ap kòmanse dezyèm faz la”.

**Direktè Enterim Fwa la, Troy Waffner, te di**, “Li te pasyonan pou wè transfòrmasyon fairgrounds yo ak repons pozitif depase vizitè yo. Nou travay di pou amelyore fwa a ane apre ane. Ane sa, nou te apresye novo pwogramasyon, ekspozisyon ak foul rekò yo. Kounye a, ak premye faz plan revitalizasyon Gouvènè a ki fini an, n ap tann faz II a k ap rann Gran Fwa Eta New York 2018 la pi bon toujou”.

### Akselere “Central NY Rising”

Anons jodi a vin konplete pwojè “Central NY Rising”, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlòpman kominote a. Eta a deja envesti prèske 3 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – nan kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak envesti.

Kounye a, rejyon an ap akselere pwojè “Central NY Rising” an ak yon envèstisman 500 milyon dola Eta a, atravè Inisyativ pou Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumet la gen pwojè pou plis pase 5,900 novo djòb.

Fwa Eta New York la ki òganize pa Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York (New York State Department of Agriculture and Markets) ap fonksyone kòmanse 23 Out pou fini 4 Septanm 2017. Misyon Fwa la, reflete nan tèm li an, “FIND YOUR GREAT”, (Jwenn Grandè w), pou ekspoze pi bon agrikilti New York genyen pandan l ap ofri bon jan kalite amizan premye ran.

Kote yo fè Gran Fwa Eta New York la se yon konplèks pou espektak ak espozisyon ki mezire 152 ekta eki fonksyone pandan tout ane a. Wap jwenn pwogram aktivite yo pandan tout ane a ki disponib sou sitwèb Fwa la. Ou kapab jwenn Gran Fwa Eta New York la sou Facebook, swiv li nan @NYSFair sou Twitter, sou Snapchat nan nysfair, epi pwofite gade foto Fwa lan yo sou Flickr.com/photos/nysfair. Epitou, nou ankouraje Nouyòkè yo pou voye nenpòt lide yo genyen sou Gran Fwa Eta New York lan nan adrès imèl sa [statefairideas@agriculture.ny.gov](mailto:statefairideas@agriculture.ny.gov).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418